

Konble vid ki egziste a


Konble vid ki egziste ant fanmi timoun yo ak bezwen edikatif espesyal ki disponib kòm sipò se objektif prensipal yon manb PAL.

Gen paran ki sèvi kòm lyezon ki disponib pou tande, reponn kesyon ak rekòmande paran yo bay pèsònèl lekòl oswa lòt ajans sèvis kominotè ki apwopriye yo.



Paran yo kòm Lyezon (PALS)
Sèvis FDLRS pou Paran yo
3378 Forest Hill Blvd., A203
West Palm Beach, FL 33406
Telefòn: 561.434.8393
Faks: 561.434.8047
www.palmbeach.k12.fl.us/ese

**SÈVIS POU PARAN
FDLRS/ALPHA
EDIKASYON POU ELÈV ESPESYAL**



Creole version by the Creole Translation Team. School District of Palm Beach County—SY041059—October 2004—Phone: (561) 434-8620

Sistèm Resous nan Florid pou Dyagnostike Fason Timoun Aprann Lekòl (FDLRS) jwenn fon finansman nan men Depatman Edikasyon Eta Florid, Divizyon Biwo Sèvis Kominotè ak Sipò Edikatif pou Ansèyman Kominotè ak Lekòl Leta yo, atravè fon alokasyon federal ki bay nan kad lwa sou edikasyon pou moun Ozetazini ki andikape yo (IDEA), Seksyon B; Pati B lwa IDEA a, Seksyon Preskolè; ak fon revni nasyonal leta.

Paran yo kòm Lyezon



Atis: Alex Saag
Yon kado: VSA Arts of Florida
Rejyon Palm Beach

Paran K Ap
Ankourage Lot
Paran Yo Nan
Bon Jan
Eksperyans
Edikativ Pou
Timoun Yo, Fanmi
Yo & Edikate Yo

Ki moun ki PALS yo?

Paran ki sèvi kòm lyezon yo (PALS) se paran elèv andikape ki enskri nan lekòl ki sou lobedyans Distri lekòl nan rejyon Palm Beach la. Moun ki fè pati PALS yo resevwa trening espesyal nan domèn sa yo:

- ◆ IDEA (Lwa sou Edikasyon pou moun ki andikape yo)
- ◆ Lwa ofisyèl Leta yo
- ◆ Plan ansèyman endividyèl/Plan 504
- ◆ Medyation
- ◆ Pwogram edikatif fason pou adopte l
- ◆ Defans pou dwa elèv
- ◆ Timoun rezo enfòmasyon sou pwoblem

Kòm paran timoun ki gen yon seri bezwen espesyal, manb PALS yo vrèman kapab ede paran yo ak edikatè yo plizyè fason. (manb PALS yo ankouraje rapò ant lekòl ak lakay pou fasilite yo yon mòd kominikasyon ki pozitif ak dinamik ant manb fanmi yo ak edikatè yo.)

Manb PALS travay tankou konsiltan pou Depatman Edikasyon pou elèv espesyal yo (ESE) ak Sistèm Resous nan Florid pou Dyagnostike Fason Timoun Aprann (FDLRS).

Misyon

Paran ki kòm lyezon yo:

Pou ankouraje eksperyans pozitif nan lekòl pou elèv ki bezwen edikasyon espesyal yo:

- ◆ Nan bay fanmi yo enfòmasyon ak konsèy sou fason pou yo rive jwenn sèvis nan lekòl yo ak nan kominote a.
- ◆ Nan mete aksan ak ranfòse wòl ak responsabilite fanmi yo nan pwosesis edikasyon an.
- ◆ Nan bay paran yo ak anplwaye lekòl yo bon jan resous ak sipò nesèsè.

Paran ki sèvi kòm lyezon yo disponib pou ede pwofesè yo, administratè lekòl yo ak tout lòt anplwaye pou kapab tabli pi bon relesyon ak fanmi yo.

Èske ou bezwen yon PAL?

- ◆ Pou reponn kesyon ou genyen sou edikasyon pitit ou?
- ◆ Pou reponn kesyon ou genyen konsènan IEP pitit ou a oswa lòt pwoblem oubyen mo ou pa konprann?
- ◆ Pou reponn kesyon ou genyen sou sistèm ak mòd fonksyònman distri a?
- ◆ Pou akonpaye ou nan yon reyinyon sou IEP pitit ou?
- ◆ Pou ba ou enfòmasyon sou sa ou kab fè kòm paran yon timoun ki gen yon seri bezwen espesyal?
- ◆ Pou rekòmande ou bay yon ajans kominotè oswa pou jwenn resous leta oswa resous federal?

